ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№153 (23.311) ● 2016 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 10, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъушІапІэхэм

Гъуэгухэр шынагъуэншэу щытыным теухуауэ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Правительствэм и Унэм дыгуасэ зэІушІэ щригъэкІуэкІащ республикэм и кьалащхьэм и гъуэгухэм шынагъуэншэу щызекІуэныр къызэгъэпэщыным теухуауэ.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі Къаздэхъу М. М., КъБР-м Гъуэгуэкиі э и управленэм и унафэщі Къуныжъ В. Хь., Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэ Алэкъей А. М., КЪБР-м и МВД-м и УГИБДД-м и унафэщі Бэджыдэ Ю. М.

Гъуэгухэм я щытыкІэр зыхуэдэм, транспорт зэжьэхуэум цІыхум фэжьыу кьыхахым тепсэлъыхьащ зэІушІэм хэтахэр. Кьапщтэмэ, 2016 гъэр къыззрихьэрэ гъуэгум машинэ зэжьэхуэу 85-рэ кьыщыхъуати, 8-м цІыху хэкІуэдащ, цІыху 97-м фэбжь хахащ. УГИБДД-м и лэжьакІуэхэм кьыззрагъэлъэгъуащи, машинэхэр нэхъыбэу щызэжьэхуэр Суворовым, Мэлбахъуэм, ЕтІуанэ Тамань дивизэм я уэрамхэмрэ КІыщокъуэмрэ Къэбэрдеймрэ я уэрам зэхэкІыпІэмрэщ. Гъуэгухэр шынагъуэншэу щытыныр зи кьалэн Іэхъущ Іапі эхэм я унафэщІхэм пщэрылъ щащІащ шыщхьэуІум и 16-м ирихьэлІэу лэжьыгъэу зэфІэхыпхъэр, абы ахъшэу текІуэдэнур ягъэбелджылыну.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Бюджет ахъшэу сом мелуан 57-м щІигъу

● Къэрал комитетхэм

Электрокъарур зэрызэрагъэзахуэм и фІыгъэкІэ, илъэсым и яп э мазихым сом мелуан 57,706-рэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыдагъэхуащ. Абы щыщу сом мелуан 39,666-р хуабэу къагъэсэбэпыр къызэралъытэ Іэмэпсымэхэм къахудидза бюджет ахъшэщ. Токыу киловаттсыхьат мелуани 7-рэ мин 454,3-рэ, гегакалориеу мин 29,1-рэ (Гкал мин 26,6-р нэхъ яп эІуэкІэ бюджет Іуэхущ Іапі эхэм щагъэува Іэмэпсымэхэм хуоз э), щІыуэпсгазу, кубометр мини 189-рэ, псыуэ кубометр мин 386,1-рэ къыдагъэхуащ.

МУНИЦИПАЛЬНЭ щІынальэхэм я бюджетхэм я ьхэкъкІэ электрокъарур зэрызэрагъэзахуэ Іуэхугъуэу сом мелуан 1,14-рэ и уасэ зэфІагъэкІащ (зэрагъэнэху, кьагъэсэбэпыр зыхуэдизыр кьызэралъытэ Іэмэпсымэхэр трагъэуващ, диодкІэ лажьэ лампІхэр фІадзащ, абыхэм я лэжьакІэр кьапщытащ).

Бюджетым щымыщ мылъкукІэ сом мелуан 31,44-рэ и уасэ Іуэхугъуэхэр ирагъэкІуэкІащ. Кьапщтэмэ «Газпром - газыр зыгуэш Налшык и Іуэхущ Іапі э» АО-м къызэрапщ Іэмэпсымэу сом мелуани 6,14-рэ и уасэ игъэуващ, жьы хъуа хьэкуэхэр кьызыхуэтынщэу зэрыгъэпэщыжащ, зи пІалъэр икІа хьэкуэхэмрэ хуабэ кІуэпІэхэмрэ ихьуэжащ, дертхэр зэригъэзэхуэжащ. «Хуабэзнергетикэ компание» ОАО-м и хьэку Іэмэпсымэхэр зэтеухуэным, я лэжьакІэр гъэунэхуным сом мелуан 18,9-рэ халъхьащ; пластик щхьэгъубжэу сом мин 706-рэ и уасэ хагъэуващ; кІапсэхэр нэхъыфІкІэ яхьуэжащ, иджырей электросчётчикыу сом мин 796-рэ и уасэ трагъэуващ, кьыдэзыгъахуэ лампІу сом мин 739-рэ и уасэ фІадзащ; жьы хъуа псы кІуапІэхэр зэгъэпэщыжыным; зэхъуэкІыным сом мин 575-рэ кьыщагъэсэбэпащ; фэтэр куэд хъу унэхэм токыр кьызэрапщытэ Іэмэпсымэу сом мин 512-рэ и уасэ щагъэуващ.

ГУЗЕЕВЭ Индирэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий дыгуасэ иригъэкІуэкІащ ДАХ-м и Советым, Гъэзэщ Іакі уэ гупым щыщхэр, къэрал къулыкъушІапІэхэм я лІыкІуэхэр зыхэта зэІушІэ.

АР зытеухуауэ щытар 2016 гъэм фокІадэм и 19 - 20-хэм Адыгэм и махуэр Налшык зэрыщ агъэкІуэкІынымрэ абы ирихьэлІэу Дунейпсо Адыгэ Хасэм и кьудамэ нэгъуэщІ къэралхэм щІлажьэхэм я тхьэмадэхэмрэ лІыкІуэхэмрэ кьраГъэблагъэу зимычэзу Конгресс зэрыщыІэнымрэщ.

● Дыгуасэ

Мурадхэм топсэлъыхь

Иужьрей Іуэхур щІрагъэкІуэкІынум и щхьэусыгъуэр фейдэ кьеГъэщІынымымыщІа жьлагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэм епхаУэ УФ-м кьыщыдэкІа хабзэхэм япкъ иткІэ, ДАХ-м и Уставым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэжьын зэрыкуейрщ.

Сэхъурокъуэ Хьэутий жиІащ Адыгэм и махуэр хэкуми ди лъэпкъэгъуэхэр нэхъ зэгъэІуІауэ щыпсэу хамэ къэралхэми дахэу щрагъэкІуэкІыну зэрамурадыр. Конгрессым зи гугъу щащІын хуей Іуэхугъуэхэр яубзыхуа нэужь, жаІащ Дунейпсо Адыгэ Хасэр кьызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 25-рэ зэрырикъур гъэлъэпІэнри абы зэрыгарэхьэлІэнур.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэр щІалэгъуалэм ягъэлъапІэ

● Мэшыкъуэ-2016

Шыщхьэуіум и 7-м «Мэшыкъуэ-2016» щІалэгъуалэ зэхыхьэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэр щагъэлъэпІащ.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ кьыбгъэдэкІыу абы яхуеблэгъа гупым ягъэува адыгэ, балъкъэр, кьэзакъ пщІантІэ цІыкІухэм Іэщ Іагъэлъэпхэмрэ Іэпэ Іэсэхэмрэ я Іэдакъэщ Іэкі эхэм я гъэльэгъуэныгъэ, лъэпкъ шхыныгъуэхэм я фестиваль щрагъэкІуэкІащ. Лъэпкъ фащэхэмкІэ, пасэрей хьэкъущ Іыкъуэхэмрэ унэльащ ІэхэмкІэ гъэщІэрэщІат хьэщІэщхэр.

Декоративно-прикладной творчествэмкІэ «Арджэн» студиерат адыгэ щэнхабзэм пыщІа хьэпшыпхэр зыгъэхьэзырар. Илъэс 20-м нэблэгъауэ щыІэ а Іуэхущ Іапі эр лъэпкъ Іэщ Іагъэхэм я пщІэр къэІэтыным толажьэ, хъамылымрэ нартыху сэмбымрэ зэрызэхаухуанэм и щэхухэм ныбжьыщІэхэр хуагъасэ. Къызэгъэпэщ Іуэхэм зэрыжаІэмкІэ, «Арджэн» студием лэжьэн зэрыщИдзэрэ ныбжьыщІэ 800-м щІигу я Іэщ Іагъэм хуэгъэджащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэр Мэшыкъуэ Іэтауэ щагъэлъэпІащ. Махуэ псом лъэпкъ макъамэхэр кьеуэу, ди республикэм икІа творческэ гупхэм зыкъагъэлъагъуэу, уэрэдхэр жаІэу ирахьэкІащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыбгъэдэкІыу «Мэшыкъуэ-2016»-м хэтыну кІуэхэр КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі **Къуэдзокъуэ Мухьэмэдрэ** КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и кьудэзэ - Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкі э и министр **Емуз Нинэрэ** щахуэзам, ныбжьыщІэхэр зыгъэпІейтей упщІэхэмкІэ зэрызыхуагъэзам и мызакъуэу, форумым щагъэлъэгъуэну я проектэмэ тепсэлъыхьащ. Абы зэрыщыжаІащи, республикэм щыпсэухэм я зэхуэдэ гуфІэгъуэщ Рио-де-Жанейрэ щекІуэкІ Гъэмахуэ Олимп джэгухэм ди лъэпкъэгъу щІалэ Мудрэн Беслъэн дзюдомкІэ зэпеуэм дыщэ медаль кьыззрыщихьар. ЗэІущІэм хэтахэр зэгъусэу Мудрэным ехьэхьурі ди спортсменхэм дяпэкІи ехьэлІэныгъэ яІэу я цІэр фІыкІэ къраІуэну зыхуагъэзащ.

«Мэшыкъуэ-2016» Кавказ Ищхъэрэ щІалэгъуалэ зэхыхьэм хэтхэм Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкі э и Советым кьыбгъэдэкІ фІэхъус псалъэ Федерацэмкі э Советым и УнафэщІым и яп э кьудзэ Фёдоров Николай яжриІащ.

- Творческэ жьыдэрэгъббгъэдэлъу, щІэ псори пфІэгъэщІэгъуэну, укъэзыхуэреихь дунейм фІы и лъэныкъэкІэ зебгъэхъуэжьну ухуеиныр щІалэгъуэм и хьэл нэхъыфІ дыдэхэм, уегугъуу пхъумэн хуейкэ ящыщІ. ЩІалэгъуэр дыщэм елъэпІэкІыу жьызыр щыуатэкъым. Нобэ фэ хэкІыпІэ гъэщІэгъэнхэр кьыхьволъхьэ, кьалэн гугъуэхэм зывопщыт, Іуэху еплъыкІэщІэхэр утыку кьыволъхьэри, апхуэдэ щыкІэкІэ ди кьэралыр нэхъ лъэщ щІыным фогугъу. Илъэсибл Іуауэ щыІэ «Мэшыкъуэ» щІалэгъуалэ зэхыхьэр щекІуэкІыр Кавказырщ. Ди кьэралым и щхьэр лъагэу щІилъагъуэ ткаІуэ, суэрэтыщІ, уэрэдыс щІэрыІуэхэм гупсысэ «къигъэхъуэпІэ» яхуэхъуу щытащ Кавказыр. Си фІэщ мэхъу мыпхуэдэ зэІущІэхэм дэтхэнэ фи зэфІэкІ щэхуэр кьызэІуихыну, псэкІэ нэхъ кьулей фищІыну, фи мурадым фызэрыхуэкІуэн гушхуэныгъэ, гупсысэ, мурадыщІэ куэд кьывитыну, - жиІащ Фёдоровым.

«Мэшыкъуэ-2016» щІалэгъуалэ зэхыхьэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Урысей Федерацэм и ЖылагъуэІ палатэм къэралым и зыгъэпсэхупІэхэр щІэрыІуэ ящІын мурадкІэ «#отдыхаем в России» Іуэхур кьыхихьхьащ.

АБЫ ХЭТУ социальнэ сетхэр кьэзыгъэсэбэпхэм «#отдыхаем в России» тхыгъэр кьыхагъэщу къэралым и щІыпІэ дахэхэм я сурэтхэмрэ абыхэм зыщагъэпсэхуну кьыщІыхьахьым теухуа хьыбарэмрэ зэгъусэу кьралъхьэ.

«Россия для всех» порталым, «Россия сегодня» дунейпсо хъыбарегъащІэ агентствэм, УФ-м и Жылагъуэ палатэм зэгъусэу кьыхалъхьэ «Урысейм зыщыдогъэпсэху» сурэт зэпеуэр. ЩІэжьагъуэм и 1 пщІондэ «#отдыхаем в России» тхыгъэр кьыхагъэщу социальнэ сетхэм кьралъхьа сурэтхэм кьызэгъэпэщ Іагъэхэм кьыхахахэр «Россия для всех» порталым фІэщыгъэ щхьэхуэ иІэу щытрадзэнущ. Апхуэдэу сурэт нэхъыфІхэр УФ-м и Жылагъуэ палатэм зэпеуэм теухуауэ кьызэригъэпэща гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьэнущ.

Къызэгъэпэщ Іагъэхэм зэрыжаІэмкІэ, сурэт нэхъыфІхэр унэтІныгъэщІкІэ - «Лучший вид», «Юмор на отдыхе», «Нетуристический маршрут» жьыхуиІэхэмкІэ - кьыхахынущ.

Сурэтхэр кьыхаха ноужь, зэпеуэм и кьэпщІакІуэ гупыр зэчэнджэщыжьынурэ, текІуахэм я цІэхэр наІуэ кьащІынущ. ТекІуахэр щэкІуэгъуэ маазэм и кІэухым УФ-м и Жылагъуэ палатэм щагъэлъэпІэнущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэр зэпеуэм жьыджэру хэтыну кьыхуходжэ.

КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Урысейм и зыгъэпсэхупІэ нэхъыфІхэр

УнагъуэщІэхэм - псэупІэхэр

2016 гъэм шыщхьэуІум и 10-м унагъуи 181-м унэ кьызэращэхуну тхылъхэр иратынущ. А Іуэхум текІуэдэну мылъкур федеральнэ, республикэ, кьалэ бюджетхэм кьыхэкІащ.

Унагъуэщ Іэхэм тхылъхэр щратыжынущ Налшык кьалэ администрацэм и унэм.

ЗэІущІэр сыхьэт 16-м щІидзэнущ.

Налшык кьалэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

♦**Эквадор Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**. 1809 гъэм ар Испанием къызэрыхэкІым теухуа унафэ кьащтащ, ауэ къэрал щхьэхуит щыхъупар 1822 гъэрщ.

♦**1793 гъэм** дунейм и музей нэхъ ин дыдэхэм ящыщ, Париж дэт Луврыр щІыхуэхэр щІыхьэну, абы зыщІапІыхьыну хуитуи къызэІуахащ.

♦**1833 гъэм** Чикагэ и лъабжьэр яГъэтІылъащ. А зэманым ар щІыху щитІ иримыкъу щыпсэу Уинди-Сити кьуажэ щІыкІырт.

♦**1876 гъэм** Канадэм щыщ Онтарио штатым и Брантфорд кьалэм дунейм щыяпэу телефонкІэ ипсэлъыкІри, Белл Александр зыпищІащ абы километр 13-кІэ пэжьжьэ Париж кьалэм.

♦**1889 гъэм** Инджылызым щыщ Райлэндс Дэн зи щхьэтепІэр щхьэщІапІуанТІэ хъу птулъкІэ къызэригупсысам щыхьэт техъуэ тхылъ кьратащ.

♦**1921 гъэм** РСФСР-м пощт маркэхэр кьыщыдагъэкІыу щІадзащ.

♦**1985 гъэм** Джексон Майкл доллар мелуан 47,5-кІэ «Битлз» гупым и уэрэд псори къыщэхуащ.

♦Урыс, совет тхакІуэ **Зощенкэ Михаил** къызэралъхурэ илъэси 121-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ, щІэныгъэлІ **Нало Ахьмэдхъан** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Емуз Гъузер** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, «Горянка» газетым и яп э редактору щыта **Сэбаншы Роззэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубэ артист **Стриженов Олег** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, тхакІуэ, «Адыгэ амазонкэхэр» тхылъыр зи Іэдакъэщ Іакі **Ахьмэт МыІэед** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Испанием къыщалъхуа, США-м щыпсэу киноактёр цІэрыІуэ **Бандерас Антонио** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 31 - 32-рэ, жэщым градус 22 - 24-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Егорян Янэ

● Олимпиадэ-2016

Егорян Янэ сэшхуэр Іэзэу егъабзэ

Рио-де-Жанейрэ щекІуэкІ XXXI Гъэмахуэ Олимп джэгухэм я ещанэ махуэращ Урысей Федерацэм и спортсменхэр ди лъахэгъу Мудрэн Беслъэн и щапхъэм щрикІуэфар. СэшхуэкІэ зэрэуэнымкІэ цІыхубзхэм я зэхьэзэхуэм дыщэ медалыр къыщихьащ Егорян Янэ.

Я ХЬЭРХУЭРЭГЪУ псори хагъащІэри, финалым щызэхуэзат илъэсипл I и пэкІэ Лондон щекІуэкІа Олимпиадэм етІуанэ щыхъуа Великая Софьерэ ныбжькІэ щІалэ дыдэ Егорян Янэрэ. ТІури Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам хэт пэтми, абыхэм я зэпэщІэтыныгъэр гуащІэ дыдэ хъуащ. Бжыгъэр 14:14-у Егорян иужьрей удыныр и хьэрхуэрэгъум иридзащ икІи Олимп чемпион хъуащ. Великая Софье аргуэру дыжьыныр лъысащ.

Бразилием щекІуэкІ Олимпиадэм хэтын папщІэ Ефимовэ Юлие бэлыхь куэд ишэчащ, допинг зрихьэлІауэ нэхъапэм тІуэнейрэ зэрапщІэхуам кьыхэкІыу. ИкІэм-икІэжьым, суд пащхьэ псомиз хей щащІыжри, иужь дыдэ махуэм Рио-де-Жанейрэ ягъэкІуащ. Ялэу зыхэта метри 100-м брассу псым есынымкІэ зэхьэзэхуэм Ефимовэм дыжьын медалыр кьыщихьащ, ауэ а дамыгъэр дыщэм ефІэкІыу пхужьІэнущ. Юлие гуфІэгъуэ нэпсым зэщІищат. Арщхьэкіэ текІуахэр щагъэлъапІэм дыщэмрэ жэзьымрэ зыльыхьа США-м и спортсменкэхэр, зэрыхьабзэу, Ефимовэм кьехъуэхъуакъым икІи нэмыплъ кьратащ.

Спорт гимнастикэмкІэ Урысей Федерацэм и цІыхухъу командэ кьыхэхар (Аблязин, Белявский, Куксенков, Нагорный, Стретович) гуп зэпеуэм етІуанэ щыхъащ. Ильэс пщыкІух ипэкІэщ ди къэралым щыщхэм иужьу абыкІэ медалхэр кьыщахьыфар. Бжьыпэр зыубыда японхэм ди щІалэхэр къаззрыпикІуэтар балли 2,5-рэщ.

Фоч гъэзэныкмкІэ цІыхухъуэхэм я зэпеуэм жэз медалыр щызыІэригъэхьащ Масленников Владимир. Ари ехъулІэныгъэшхуэщ.

Рио-де-Жанейрэ етІуанэу Олимп чемпион щыхъуащ Венгриием щыщ Хоссу Катинкэ. МахуитІ и пэкІэ метр 400-м комплексныр я зэрыщытекІуам иджы абы дыщІигъужащ метри 100-м щІыбкІэ есынымкІэ псоми зэрыщефІэкІар. Псори зэхэту Венгриием ми Олимпиадэм щызыІэригъэхьа дыщэ медалищым ящыщу тІур Хоссу Катинкэ къилэжьащ.

Дзюдомкіэ зэхьэзэхуэм и яп э махуэм Мудрэн Беслъэн зэрыщытекІуэрэ Урысей Федерацэм и командэм кьыдыхэт адрей щІалэхэм зэкІэ екъулІэныгъэ яІакъым. Килограмм 66-м нэс зи хьэпІащІэхэм я деж медалынщэу кьыщына Пуляевым Ярцеври (кг 73-м нэс) кІэлъыкІуащ. Хэт ищІэн, адрейхэм я Іуэхур нэхъ къикІынкІэ лъхунщ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

XXXI Олимп джэгухэм къыщахьа медалхэр
(шыщхьэуІум и 9-м ирихьэлІэу)

№	Къэралыр	Дыщэу	Дыжьыну	Жэзу	Псори
1.	США	5	7	7	19
2.	Китай	5	3	5	13
3.	Австралие	4	0	3	7
4.	Италие	3	4	2	9
5.	Япония	3	0	7	10
6.	Венгрие	3	0	0	3
7.	Урысей Федерацэ	2	5	3	10
8.	Корее	2	2	1	5
9.	Таиланд	2	1	1	4
10.	Великобритание	1	1	2	4

Ефимовэ Юлие

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Уи гъунэгъур бзаджэмэ, щІы хущынэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ, зауэлІ хахуэ, щІэныгъэлІ

Гъэгуанэ гугъу иклІи дахэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ Нало Ахьмэдхъан Хьэмырзэ и къуэр 1921 гъэм ыщцхьэуІум и 10-м Лэскэн районым хыхьэ Хьэтуей къуажэм къыщалъхуэр. Къэбэрдей-Балъкъэр педрабфакыр кьиухащ. 1941 гъэм щыщІэдзауэ Совет Армэм къулыкъу щиІащ, зауэшхуэр къыщыхъеим Ахьмэдхъан фронтым кІуащ.

1942 гъэм щыщІэдзауэ 1943 гъэ пщІондэ Налор Ленинград дэт дзэ-инженер еджапІэм щІэсащ. 1943 гъэм и накъигъэ мазэм лейтенант Нало Ахьмэдхъан фронтым Іухьэжри, зауэр иухыху хэтащ, сапёр взводым, ротэм я унафэщІу. Зэрихьа лІыгъэмрэ къигъэлъэгъуа хахуагъэмрэ папщІэ Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр, Хэку зауэ орденым и етІуанэ нагъыщэу тІу, Невский Александр, Вагъуэ Плъыжь орденхэр, СССР-м и медалу 10, Польшэм и медалыр къыхуагъэфэщащ.

1946 гъэм дзэм кІыхэкІыжри, Лэскэн райисполкомым щылэжьащ. 1947 гъэм ВКП(б)-м и обкомым и парт курсхэр кІуачІахащ. ИужькІэ Нало Ахьмэдхъан педагогикэ институтым щІэтІысхьэри, 1951 гъэм кІуиухащ иклІи бзэщІэныгъэхмкІэ кандидат хъуащ. КъБКъУ-м адыгабзэмрэ литературэмкІэ и кафедрэм и доценту зэрылажьэм хуэдэурэ, абы къэхутэныгъэшхуэ иригъэкІуэкІащ адыгабзэм зегъэужьыным пыщІауэ. Москва къыщыдагъэкІа «Адыгэ-шэрджэсыбзэм и грамматикэ», «Урыс-адыгэ-шэрджэс псалъалъэ» тхылъхэр зыгъэхьэзырахэм яхэтащ.

Налор ящыщщ литературэм бжьыпэр щызыубыдахэм, зи тхыгъэхэр цІыхубэм ягу дыхьа тхакІуэхэм. Ар СССР-м, Урысей Федерацэм я ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэхэм хэтащ.

1960 гъэм Налышк къыщыдэкІа «Урыху акъужь» и япэ тхылъыр псынщІэ дыдэу цІыхуэхэм зэлъащІысащ иклІи гунэс ящыхъуащ. Ар щыхьэт техъуат куэдкІэ дызыщыгуГъ хъун тхакІуэ гъэзэджэ къызэрыуэнхуэм. Налом и рассказ купщІафІэхэр зэрыт и япэ тхылъым къыкІэлъыкІуащ нэгъуэщІ зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ «Гушыналъэ» (1963), «Къэрэгъул зэблэкІыгъуэ» (1967), «Лъагъуэхэмрэ гъуэгуанэхэмрэ» (1969), «Рейхстагым адыгэбзи тетщ» (1972), «Нэхущ шу» (1977), «Бжьэр хъепщІащ» (1980), «Пшэплъ жыжьэхэр» (1984), «Псы Іуфэм Іут унэ цыкІу» (1995) тхылъхэр.

Налом и ІэдакъэщІэкІ нэхъыфІхэр щызэхуэхьэса «Тхыгъэхэр» тхылъищым ярыту 1993 - 1995 гъэхэм къыдигъэкІащ. Абыхэм ящыщ зыбжанэ урысибзэкІэ дунейм къытехьащ.

Налор ящыщ литературэм бжьыпэр дахагъри, и ІэфІагъри, и къабзагъри мыгъэкІуэдащ, зытетхыхь Іуэхум тэмэму тегъэпсыхьауэ къэгъэсэбэныныр тхакІуэм и фащэщ. Аращ Налом абыхэм гъунэжу щыІэхбгъуатэр псалъэ купщІафІэхэр, гушыІэ дахэкІэ уэздаа псалъэ шэрыуэхэр.

Цыхубэм яІурылъ бзэм и дахагъри, и ІэфІагъри, и къабзагъри мыгъэкІуэдащ, зытетхыхь Іуэхум тэмэму тегъэпсыхьауэ къэгъэсэбэныныр тхакІуэм и фащэщ. Аращ Налом абыхэм гъунэжу щыІэхбгъуатэр псалъэ купщІафІэхэр, гушыІэ дахэкІэ уэздаа псалъэ шэрыуэхэр.



СССР-м и тхакІуэхэм я зэІущІэшхуэм хэтщ. *1981 гъэ*

Ахьмэдхъан. *1944 гъэ*

Зыхэтым къахэлыдыкІырт

Сэ куэдрэ къысхуихащ гуп сахэсу адыгэлІ щэджащэхэм я гугъу щащІкІэ Нало Ахьмэдхъан и деж нэса нэужь, мыпхуэдэу зыкъысхуагъаззу:

- Уэ, Іэдэм, Ахьмэдхъан уригъэджащ, зы кафедрэ удыщІэсу иІъэс тІощІрэ тхум щІигъукІэ удэлэжьащ. Сыт хуэдэу уигу кьинэжа ар?

- Лыкфу.

Аращ абдежым зэуэ жэуапу згъэутыр. Абы къыззщІеубыдэ псори. ЛыкфІым хэлъын хуей хьэл псори хэпльт абы. Ахьмэдхъан лІы хьэлыр къыззэпхыпст сыт щыгъуи: щызаузэлІами, щыегъэджакІуэми, щыщІэныгъэлІми, щытхакІуэми, гуфІэгъуэ Іэнэм щритхьэмадэми, ауэ и ныбжьэгъуэхэм, лэжьэгъуэхэм е студентхэм щахэтми. Ар сытым щыгъуи зы фэмрэ зы щытыкІэмрэ тетт, егъэлеяуэ фІэлІыкІ зиІэт, нэмыссышхуэрэ жэуаплыныгъэрэ зыбгъэдэлът. Ар апхуэдизкІэ зэщІэкъуауэ, зэпІэззэрыту, къекІуу хэпауэ, набдзэгубдзаплъэу гъащІэм пхрыплъу, уардэу зиІкІыгъуу, нэхъыкьми нэхъыщІэми яхуищІыпхъэ пщІэр яльиГъэсу, щыпхъашэнури щыщабэнри ищІэжу дунейм тетти, зыхэтым кьахэлыдыкІырт. Куэд дыдэрэ къэхурт ар зыцІыхуэхэм, псом хэмыдэу нэгъуэщІ лъапкъэм кьахэкІахэм ящыщхэм, кафедрэр бжэр ныІуахрэ «адыгэ джьиназыр дэнэ щыІэ?» - жаІэу ныщыщІэупщІэ.

ТхущІ гъэхэм иджыри аспирантурэм щІэсу щІидзэри, иІъэс 60-м нэблагъэкІэ университетым щылэжьати, ар лекцм хэмыхьэзыру е зымащІэкІэ нэхъ мыхъуми къэгувауэ аудиториемкІэ щІыхьауэ зылъэгъуа къэгъэтыгъуейщ. Иджыпсту хуэдэу сощІэж адыгэбзэм и морфологиемкІэ абы тхыгриГэкІыу щытА лекцІэ купщІафІэхэр. Ахьмэдхъан материалыр апхуэдизкІэ щызу ХьыдитыртИ, тхылъ дымыГъуэтми, лекцэр зэрыттха ди тетрадхэмкІэ экзаменым зыхуэдГэхъэзыр хъурт.

Телъыджэ дыдэр къыщыхъупэр адыгэ Іуэрыіуатэм теуха сыхьэтхэрт. Ахьмэдхъан апхуэдизкІэ и гум, и псэм къыщІикъуэзыкІыу нарт лІыхъужьхэм я ІуэхущІафэхэм, нарт цІыхубзхэм я дахагъымрэ Іущагъымрэ, адыгэ нарт эпосым щІэлъ философие гупсысэхэм, ар алъдж мифологием пыщІа зэрыхьу Іуэхугъуэхэм тепсэлъыхьыртИ, дз, адыгэ студент ныбжьыщІэхэр, апхуэдэ дакъикъэхэм псэкІэ дыкъыщІыхутэрт Прометей хуэдэ дыдэу Тхъэхэм Нэсрэн ЖьакІэ нэпкъым щрапхэ, ПІъэщІ Іэ пІащэкІэ гъущІ гъэпІъар къыщІитІэщ, Сосрыкъуэ нартхэм мафІэрэ ху жьылэмрэ къащцыхуихьжьа, чынтыр зи ныкъуэкъуэгъу Бэдзынокъуэ батэр щигъэш, Мэлычыпхъу Іущыщ цІыкІум и акъыл жаныр уафэхъуэпскІыу щылыд нартыжь хэкум.

Сэ сщІэжырыкъым сыщедджа зэманми нэхъ иужьыІуэкІи адыгэ кафедрэм Ахьмэдхъан сыщцыдэлажьа иІъэсэхэми абы зэрыригъэджа дерсхэмкІэ студент гуэр «ТІу» къыщихьауэ: япэрауэ, студентхэм а редметхэр фІыуэ ялъагъурт, етІуанэрауэ, хэтыт Ахьмэдхъан фІэмылыкІыу экзаменым пхуекІуэлІэнур, тэмэму зимыгъэхьэзырауэ.

А фІэлыкІыныгъэм теуауэ зы Іуэхугъуэ цыкІу сыкъытеувыІэнут, университетым хъыбару дахьэжауэ щытауэ. АтІэ, Ахьмэдхъан нэмысыншагъэ зэридэн дунейм теттэкъым. Махуэ гуэрым зэи здыщІэмыхьа курсым лекцэ хъыщедджэну ар щІыхьат. ЕгъэджакІуэм пщІэ хуащІу кьыхуэзэфІэуваащ адыгэ студент гупыр. Зы хъыджэбз цыкІу къэмытэджауэ къыщыхуащ Ахьмэдхъан. Университетым и адыгэ отделе-нэм къыщІэтІысхьа пщащэ цыкІум апхуэдэ хабзэнщагъэ къыпыкъуэкІыныр игу техэнт мо хабзэщІэкъум: къыззкІуэкІащ нэрылъагъуу. «Тэдж!» - жриІащ хэкъуэзауэ. Модрейм зигъэхьейркъым. «Тэдж!» и макъым зригъэІэтащ Ахьмэдхъан. Гупым гуэзэгащ. Ар къажІщІэзэрыкъащ. Мо пщащэ цыкІуми гуэзвэпауэ и щхьэр кьиІэтри: «Сэ сыщытщ, Ахмедхан Хамурзович!» - кьыдрищеящ зэхэпх къудейуэ. Ахьмэдхъан къэуІэбжьауэ къекІуэкІрэ еплъмэ - хъыджэбзыр зэфІэтт. Ауэ ар апхуэдизкІэ лъэхъыщ цыкІутИ, зыбгъэдэт стІолым кьыкъуэщ къудейуэ арат. Абдежым аудиторие щхьэгъубжэхэм хэлъ абджэхэр игъэзэджьыджкъэ жьиІэну Ахьмэдхъаныр (ар езыр лІышхуэт) кьыщеудри мэдджьхъщ. Зигу къыззрыгъэтыжа студентхэри мэдджьхъщ. ИтІанэ ар пщащэ цыкІум бгъэдыхьэщ, и щхьэфэм Іэ дильэри, кьыхуигъэгъуэ елъэІуащ. Лекцэри хъарзынэу екІуэкІыгъащ.

Ари Ахьмэдхъан и хьэл гъэщІэгъуэнхэм ящыщ зыт: зыгурэкІэ жэкъуауэ сыт хуэдэу кьыззщІэмынами, Іуэхум и тэмэмыпІэр кьэзрищІэу ныпІэзыпІэм губжьи щхьэщыкІырти, «КъысхуэгъэзгъУ!» - жиІэфырт, «ЕІым еІ, сэ жысІащи, пэжыр сэ зэрыжысІам хуэдэущ» жиІэу имыкъуэдИиуэ.

ИщхьэмкІэ зэрыщщыкІащи, Ахьмэдхъан щыІуэ я къулыкъуКІи, мыплькъуКІи, ябгъэдзэ зэфІэкІкІи, ныбжьКІи, пльэпткІи зэхэгъэжщІыртэкъым. Лажьэгъуэ зэманым иужькІэ ар Налышк гарджьмк иту плъагъунут ди тхакІуэ, усакІуэ, щІэныгъэлІ нэхъ цІэрыІуэ дыдэхэм я гъусэу. ТІэкІу зигъэпсэкуну ди лэжьэгъуэхэм щыщ гуэрэхри ди гъусэу и кьуажэжь Хьэтуей сшэжамэ (сэ машинэ сиІэти, ар и анэм, и кьуэшхэм я дек, е Урыху Іуфэ Іут и унэ цыкІуищІэх-цІыхьуирэ сшэжырт), Ахьмэдхъан фІы дыдэу ильъагъу, и тхыгъэхэми мызэ-мытІэу ныхьэщыж и ныбжьэгъу Биту Нурхьэлий, нэгъуэщІ лыІфІ зыбжанэ и гъусэу, кьригъашэрт, Іыхьлыхэр кьызэхэусырт. ЖумартТ Нало зэшхэр шыгъуПІасткІэ.

Абы къыдэкІуэу, Ахьмэдхъан зыщІыхуу щытахэм ноби фІы дыдэу ящІэж щІэныгъэ хъарзынэ ябгъэдэлъу, ауэ я гъащІэр тэмэму зэрызэтемыуВам кьыхэкІкІэ куэдым зызыщадзей хуэ, пэщІэщІагъу ящІыну зрамыпэсыж цІыху зыбжани абы ныбжьэгъуу зэриІар, ахэр щІэх-щІэхыпэр и Іэнэ пэригъэтІысхьэурэ кьызэрекІар. «ЦІыхур цІыхущ, абы нэхъ Іьапп щІым теткъым. Уанэгу ущисынри ущыдэхуэхынри гъащІэм щыбетэмалщ. ХутыкІуам и Іэпкъльэпкъым фащэ хуэхъуаркъым нэхъыщхьэр, а Іэпкъльэпкъым кьыхэна псэм и кьабзагъырщ», - жиІэгъащ Ахьмэдхъан, абы ехьэлІауэ сыщеупщІам.

ЗыхуэзфІэкІхэм, властым тепщэгъуэ щызыІэхэм и щхьэ щхьэкІэ зыгуэр кьаззрыпихьнкъым Хэку зауэшхуэм и лІыхъужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ, щІэныгъэлІ щэрджащэ, «дамэзтелъыхуэхэм» кабинет куэдым я бжэр зыхуэзІуэхьфыну щыта Нало Ахьмэдхъан дунейм тетыхукІэ зыпылъар - зи кьаурэр зи зэфІэкІкІэ нобэкІэ гуащІэмащІэхэм зэрызащІигъэкъуэнырщ. Университетым филолог щагъэхьэзыр и институтым щылажьэ куэдым фІы дыдэу ящІэж нобэ зи щІэныгъэ лэжьыгъэхэмкІэ республикэм хьарзынэу щалІыхуа, зэгуэрым щІалэ Іэщхьэ пщІанэу лэжьапІэ кьыВуауэ щытам и унагуэр зыщІэсым унэкІи Ахьмэдхъан щІэсыгъэкъуэн зэрыхуэхъугъар, езым зыщІигъум, кьэбэрдей тхакІуэхэм яхихьзэгъуэфІ, усакІуэ Шэвлокъуэ Пётри и гъусэу кІуат Налышк щауха спорткомплексым. Абы щекІуэкІ Іуэхугъуэхэм еплъу здэщыхсэм Ахьмэдхъан Іуэху гуэр кьыльыкъуэкІри кьыщІэкІащ. Ар къызэрыщІэкІыхъэу щыІуэ Іуэхуу ящІыгъуэ зыхуэщыщІ щымыІэу къызэфІэгъэувэфа образ гъэщІэгъуэнхэм. Иужьрейм и щапхъэу мыри ирикъуни: «ХьэмкІутей бащІ плъыжь гъум кІэщІым кІэщІу и ужь иту ЛІы плъыжь гъум кІэщІ кабинетым кьыщІэкІуриящ». Зи образ кьыздэзгъэувэным тхылъ нэпкІэущІ зыбжанэ ихьыну мы персонажым и теплъи и дуней еплъыкІи зы псалъэхакІэ ди пащхьэ кьрилъхьэращ Ахьмэдхъан.

Зыщ жысІам щІыгъэжьнур: Налом и Іэдакъэщ Іэкі-хэм хуэфэщэн пщІэ нобэкІэ ягъуэтыпІакъым. Ахэр щІэныгъэ и лъэныкъуэкІэ нэсу зэпкърыхьакъым. Ауэ зэчэ кьытесхьэркъым дэ дызыхунэмысар кьытщІэхъуэ щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм пщдей зэрырагъэкъуэжынум, абы и фІыгъэкІи Ахьмэдхъан и тхыгъэхэм зэпкърыхьа литературэм и жьанТІэ дыдэр зэралъысынум...

Нобэ Ахьмэдхъан тхэтыжкъым. Абы и кьащхьэм щхьэщыт жыг баринэр Урыху акъужь гуапэм щІипоскІэху и кьудамэ щІыкІыхэмкІэ йоубзэ лъэпкъым фІы дыдэу ильъагъуа и кьуэ щджащэм: кьуажэбгъум хъущІэу щежэх Урыхупс и Іуфэм Іут унэ цІыкІуу Ахьмэдхъан и фэр зраплъри сакъыу зэрахьэ и кьуэш бынхэм; тхакІуэшхуэм и цІэр фІащащ кьалэ, кьуажэ уэрамхэм; Ахьмэдхъан и тхылъхэр щІиджыкІ нобэ зэІэпахыу. Псоми ящхьэкращи, ар ягу ильынущ зи щІалэгъуэм щІэныгъэ зыбгъэдилъхьа, Іэщ Іагъэ зригъэгъуэту гъащІэ гъуэгу махуэ тригъэува и лъэпкъэгъуищэхэм, и хэкуэгъу минхэм: цІыхур зэралъытэр и Іэужьщ.

КЪЭМБЭЧОКЪУЭ Іэдэм,
филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор.

Дауэ нэху укъекІа?

Нало Ахьмэдхъан иримыгъэджа яхэтакъым адыгэбзэ факультетыр къэзыухахэм. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым а лъэхъэнэм литературэм тегъэщІауэ ущІэкІуэну щыІар Нало Ахьмэдхъанрэ Сокъур Мусэрбийрэщ, бзэмкІэ - Урыс Хьэталийщ.

УРЫС-ЯПОН зауэм теухуауэ Ахьмэдхъан итха «Нэхущ шу» романыр сэ сыредактору кьыдэзгъэкІауэ щытащ. А зауэм си адэ кьуэш лъэрызехьи хэтат. Романыр документхэм, фактхэм, архив материалхэм «иригъэтхъэламИ», куэд дыдэ кьызэщІи-убыдэу адыгэ щухэр (сотнИр) зищІысыр щыжиІэфащ, цІыхухэм я деж нихьэсыфащ.

Ахьмэдхъан хуэдэлІ дунейм тетами зырызыхэщ. «КъхьІэ, щІалэгъуалэм сыкьызэрыфхьызэр фи жагъуэ фымыщІ, зы ныбжьэгъу сиІэжкъым, псори дунейм ехьжащ», - жиІэурэ дигъэныбжьэгъурт. Тхылъ тедзапІэм кьыщІыхьэурэ сэлам кьыдихьу, кьытщІэупщІэу, гупытэ зиІэ щІыхуу гуапэу дунейм тетащ.

ТхакІуэхэм щхьэкІэ «Пицундэ» зыгъэпсэхупІэ Абхъазым щыІэти, абы дыкІуэрейуэ щытащ. 1980 гъэм абы Мэшбащэ Исхьэкъ, Нало Ахьмэдхъан, КІэщт Мухьэз, и къуэр и гъусэу, си унагъуэр сщІыгъуу дыщызэхихьэлІат тенджвз Іуфэм.

Нало Ахьмэдхъан пщэдджьажь къэс телефонымкІэ къэпсалъэурэ нэху дыкъызэрекІам къыщІэупщІэрт. Езыр щынэхъыжьжьІэ, псэлъэну къызылъысыр дэрат, ауэ зыгуэркІэ япэ дищу жейуэ кьэдгъэушынкІэ зэІутщІырти, зыдгъэхьэртэкъым. Дэтхэнэ зы тхыгъэмэ лъабжьэ гуэр зэриІэм хуэдэу, «Дауэ нэху укъекІа?» жысІэу Нало Ахьмэдхъан теухуауэ стха уэсм и лъабжьэри аращ къыщІежьар.

«Дауэ нэху укъекІа?» - Ар сэламу къысфІэщІырт. ЖалІэ хабзэу фІэкІа Нэгъуэщі кьыкІыу сымыщІэт.

«Дауэ нэху укъекІа?» - Къысщіоупщіэ нэхъыжьыр.

«Мыхэр си фэм дэкІащ», - Схужьмыіэ нэхъыщІэм.

Ауэ фІыуэ сощІэж Згъэва псор сэ а жэщым. Си сабийм зимыщІэжт, Нэкіэ слъагъуурэ жэщІырт.

И псэм еджэу плъэржьэрт, Симыіэжт зы гугъапІэ. Си псэр Іэджэм жэрт. Зэтезмылъхъэт си напІэ.

Си гум щэхуурэ къэкІт: «Я нэхъ гуауэр къыщыщыщым, Сыт слъэкІын абы фІэкІ, - Сыкъеджэнщ си нэхъыжьым».

Гуэзвэгъуэр токІуэт, ЗыкъещІэжыр си щІалэм. ЛІыгъэр сэ кьыстокІуэж, Жьымыіэж зы тезгъалэу...

«Дауэ нэху укъекІа?» - Си нэхъыжь къыщІоупщІэ. ЩыІэ, абы фІэкІа, Кьикіыр зыщІэ а упщІэм?

Нало Ахьмэдхъан Хэку зауэшхуэм щызэрихьа лІыгъэм папщІэ дамыгъэ куэд кьыхуагъэфэщащ. Литературэми куэд хилэжьыхьати, цІыхубэ тхакІуэ цІэр кьыфІащащ. Ахьмэдхъан щыпсэуам пщІэшхуэ хуэтщІу дгъэлъэпІэн хуеящ. Иджы кьытхуэнэжьр и цІэр тщымыгъупщІу, щІэблэм едгъащІэу дыпсэунырщ.

БИЦУ Анатолэ,
КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ.

101-нэ полкым хэт гуп. Нало Ахьмэдхъан ищхьэмкІэ ещанэщ. *1945 гъэ*

И тхыгъэхэм телъыжщ езым и нэпкъыжьэ

Сыщыкіуу, ди анэшым сыщыІэу, зы гуахъуэ Іэчлъэч гуэр къэбжэпэм дежь къыщызэгъэтат. Си адэшхуэр елъпщ гуахъуэми жиІащ: «Мыр Бабийщ зи гуахъуэри - фхьыщ, ежьэ». Хьэблэм дасхэр фІыуэ зыщІыху си адэшхуэм гугъущи демыкъу кьыщІат апхуэдэ хьэпшып зезыхьэнур хэтми.

ЦІЫХУМ и хьэпшыпыр щецхькІэ и Іэдакъэщ Іэкіыр емыщхьу кьэнэн? Дыщэм, дыжьыним Іэщэ-фащэ кьыхэзыщІыкІ, джэдыгу е цей дахэ зыбдыфэм (ахэр иджы щыІэж-щымыІэжми) я гугъу умыщІыхьи, сэ Іэджэрэ зэхэсхащ мыр мыпхуэдэм и бжьыхь хуКІащ, мор мопхуэдэм и джьдэ лъыкІэщ жаІэу зэхагъэкІыу. НтІэ, емыкІу тхакІуэм псалъэмакъыр дауэ кьригъажьэрэ, хьыбарыр дауэ иришэжьэфрэ жыпІэу уклІэлыпплыну?

«Іуэхур зэрежьащ», - жиІэгъащ адыгэм. Художественнэ текст щыхьу-кІэ, кьыщІэдзапІэм куэдыкІей елъытащ. Ар тхакІуэм и сэламщ.

Нало Ахьмэдхъан и кьегъэжьакІэми телъыжщ езым и нэпкъыжьэ, и цІэ темыту и тхыгъэ кьыпІэрыхьэми, кьырипІыхуну: «Адыгэ унагъуэр щІэдджьжьымрэ пщыхьэщхьэмрэ зэрызехьащ. КІуэ пщэдджьжьри зыгуэрщ: цІыху жеяхэр кьоушри, махуэр зи кІыхьагъым дунейм зэрытетынум зыхуагъэхьэзыр, ауэ махуэ псор мамыру езыхьэкІа цІыхуэхэр пщыщхьэм зэрызехьэу зэрыхуежьэр нэхъ гъэщІэгъэнщ. Пщыхьэщхьэ зэрызехьэгъуэм щыщІидзэр сыхьэтКІэ кьыпхуэхутэнукъым, сыту жьпІэмэ сыхьэт щамыщІыхуми пщыхьэщхьэ зэрызехьэр яхэпІауэ кьыщІэкІынущи, ар кьыззэрыпщІэнур макъкІэщ...» («МафІэ бзий ныбжь»).

Ауэ абыкІэ зэфІэкІыркъым кьыщІэдзапІэм и кьалэныр. КьыщІэдзапІэм и деж щыфІегъэнэ сюжетым. КьыщІэдзапІэм и деж кьыщожьэ абы и тхыцІакІуэ «хуэ» нэхъыщхьэр. Нало Ахьмэдхъан и тхыгъэхэми ар ядыбольагъу.

«Бжьэр кьэпщІащ» зыфІищащ рассказыр гуих-псэихьу - «Джэду Барэ лІащ» жери кьыщІедзэ. Апхуэдэу кьыщрагъажьэкІэ, нэщхьеягъуэм теухуащ мы хъыбарыр, жыпІэу уемыгупсысынкІэ Іэмал иІэкъым. Ауэ, зы псалъэухэ закъуэкІэ уэзрыІэпхъуэу, сыт кьэхъужар: «Пщэдджьжьыр ныжьэбрей уэлбанэм и ужькІэ уэфІ зэрыхъуам кьыгъэгуфІауэ, псэ зыІутыр хуэгуфІэрт: Джэдуэ я гуэзвэгъуэр кьафІэІуэхуу уэыхагъэгъуаэзрэтэкъым пщІантІэм щыпэкІу джэдкъазым, цІыхуэхэм гуэщыІмрэ бжэІупэмрэ Іуахуа нэужь, унащхьэмрэ жыг щхьэкІэмрэ щтапІэ зыщІыжауэ абы гъащІэм щыдэпІэстхьэй кьуалэбзуми, и фІэщу щыгъуэ лІым ядэхъэзурэ кьыхэзыгъэтІуд зыдэбадзэми».

Абы ухуегъэхьэзыр рассказыр зыгъэхуам. КьыззэрыщІэкІымкІэ, Джэду Барэ и лІэныгъэр щхьэусыгъуэ хъуа къудейщ. Мыр зытеухуар нэгъуэщІ.

Араи бжьэ хэпщІам и хьыбарыр кьызэрылъэІэсу, зи адэ лІа цІыхум и щытыкІэми хэпщІыкІыу зэхъуэкІныныгъэ щІигъэтыр. Хьэуэ, ар кьуэ хуэмыхуэкъым, щыгъуэкІэ имыщІэу армууи щытхъым. Іуэхур зытетыр нэгъуэщІ - тхакІуэм мыбдеж кьыщицтэ темэр нэгъуэщІщи: адыгэм «зыр лІэ щхьэкІэ адрейм зилІэкрэ» жыхуиІэм ещхьу, гуауэ къэхъуар гу лъамытэурэ бжьэ хэпщІам лъэныкъуэкІэ зэрыригъэкІэтэкІар уегъэлъагъу тхакІуэм, а зы щапхъэ «жьгъей цІыкІумкІи», сыт хуэдэу щытами, ГъащІэр лІэныгъэм и гущІыІу зэрыхъум урегъэгупсысэф.

КЪУЭЖЭР Хьэмид,
усакІуэ, критик.

цІэрыІуэ Нало Ахьмэдхъан къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу

Хьэлэлыгъэм и макъ

ТхакІуэр цІыхупсэм и инженеру ялъытэ. Ар тхакІуэр нэсмэ, псалъэм и художник тхакІуэмрэ нэгъуэщІ цІыху гуэрымрэ гъащІэм и къэхъуакъащІэхэм зэреплъри зэхуэдэкъым. Зым илъагуфыр и нэм къыІуидзэ къудейрщ, зэхихэм я макъымкІэщ гулъытэ зэрищІри. ТхакІуэр къыщынэрхъым зэхихми илъагъуми - ар гурэ акъылкІэ жыжьэ маплъэ, а илъагъу, зэхихэм яфІокІри. Абы папщІэ нэрэ тхьэкІымэрэ нэмыщІ, куэд зыхэзыщІэ гурэ хуабагъ мыухыж зыхэлъ псэрэ иІэн хуейщ тхакІуэм, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, абы илъагуфэмрэ зэхихэмрэ зэриль ъгъум, зэрызэхихьм нэмыщІ, ар гум щІгъэфІэнуи, псэкІэ игъэхуэбэнуи и къалэнщ.

ЗИ ГУГЪУ тщІа зэфІэкІ лейм хуэдэ зэпхэм Нало Ахьмэдхъан зэращыщыр нэрылъагъущ. Ар кьегъэлъагъуэ абы и рассказхэр зэрыт «Урыху акъужь» тхылъым. Абы ущІэджыкІрэ зэтупІэжа иужькІэ, къызэрыпІэщІыр адыгэ унагъуэ куэдым ущеблэгъа хуэдэущ. Абыхэм ауэ сытми ущыІа кьудейкъым – зыкІи зэмыщхь я хьэлкІи, я дуней тетыкІэкІи зэтемыхуэ, гъащІэр зыгъэкІуатэ цІыкІу зыбжанэм нэІуасэ хахуещІ. Абыхэм языныкъуэм тІэкІу уагъэгубжь, губгъэн уагъэщІ, адрейхэм уигу хагъахъуэ. Ахэр апхэудизкІэ хьэлэлщ, гуапэщи, уабгъэдэкІыжьыр уигу гъыкІыжьрэ.

Сыт нэхъ зытеухуар Ахьмэдхъан и рассказхэр? ЗытеухуакІи я гупсысэ нэхъыщхьэкІи ахэр куэду зэщхьэщокІ. Нэхъыщхьэращи, абыхэм яхыбоЛъагъуэ ди литературэм псалъэщІэу хэувэ рассказхэр. Абыхэм ящыщщ «Бостей уПІышкІуа», «Тезыр», «Сом», «Урыху акъужь», «Псыхьэ нанэ» жыхуиІэхэр.

Ахьмэдхъан и рассказхэр художественнагъ и лъэныкъуэкІэ гу зылъатапхъэщ - ди рассказхэм иджыри къэс ямыІа гъэпсыкІэ зиІэ яхэтщ: ахэр символичнэщ, рассказыр зытеухуа Іуэхугъуэ нэхъыщхьэр умыщІэххэу щІагъыбзэкІэ къызэкІуэцІех. Ауэ щхьэхуКІи, рассказым щыІэзэкІэлъыхьа Іуэхугъуэхэм узыІэпашэ, Іэпэдгъэлэл умыщІыфу, нэхъыщхьэм урашалІэ. Ар классикэ рассказхэм я гъэпсыкІэм щыщ зыщ.

ЕтІуанэу, Налом и рассказхэр риторикэншэщ. ГъащІэм и къэхъуакъащІэ пыухыкІахэм ахэр апхэудизу нэрылъагъуу тепсэлъыхьащи, уэр-уэру рассказым и гупсысэ нэхъыщхьэм ухуокІуэж.

Бзэ и лъэныкъуэкІи рассказхэр гъэхуауэ тхащ, щэрыуэщ, кьеджэгъуафІэщ, зэрызэлъафэ жьІэгъуей я мащІэщ, псалъэжьхэмрэ псалъэ щэрыуэхэмрэ зэщыщхьэу къыщыгъэсэбэпащ. Мис абыхэм жан ящІ а рассказхэр. Ауэ, дэ къызэрыпфІэщІыжмкІэ, Налом и зэфІэкІыр нэхъри зыуэщІыр абы ГъащІэм хуиІэ гуапагъэщ, цІыхухэм дзыхь яхуищІу зэрахуэхьэлэлырщ. А хьэлэлыгъэм и макъщАхьмэдхъан и рассказ нэхъыфІэхэр.

ЩОДЖЭНЦІыКІУ Іэдэм.
1962 гъэ

Иджыри деущий

Нало Ахьмэдхъан хуэдэхэм «мыраш», «мораш», «мыпхуэдэу щыташ» жыпІэу блэкІа зэманым иту уатепсэлъыхьыныр акъылым къыпхуигъэтІасэркъым. Уахьтыншэ щыІэкъым, и уахьтыр къэсу нобэрей дунейм текІыжами, апхуэдизкІэ иджыри уи гъусэу, цІыхугъэкІэ, ныбжьэгъуэгъэкІэ, псэ хьэлэлагъкІэ кьыбдэгуашэурэ гъащІэм хуэдэу кьыпщохьу. Ныбщыхьу кьудейм кьыщымынэу, иджыри гъащІэм, сыту жыпІэмэ, я чэнджэщ зэхэсэгъэ дерс щхьэпэхэмра, я цІыхугъэми хуэдэу, уахътыншэщи.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и тхакІуэхэм, усакІуэхэм, литературэм егъэщІылІа Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм нобэ щылажьэхэм яхэту кьыщІэкІынкъым Налом иримыгъэджа е и ныбжьэгъуфІу щымыта. Сэри си напщІэм тельщ Ахьмэдхъан ирегъэджахэм, и дерсрэ ущиерэ щІэдэІуахэм сазэрыщыщщ.

Зэрынэхьжьым, зэрыегъэзакІуэм щхьэкІэ къэмынэу, ар студентхэм зэрахущытыр и ныбжьэгъум хуэдэут. А лъэхъэнэм студентхэм ящыщ куэд ухуакІуэ гупым хэту гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм лажьэрти, фокІадэм еджэн щІадзэжа нэужь, бжьыкІэхэм къужьэдэсхэм ядэІэпыкъуну колхозхэм, совхозхэм щагъакІуэкІэ, ухуакІуэ гупым хэту лэжьахэр абы мыкІуэми хьунут. Мыр фІыуэ сощІэж: етІуанэ курсым и ужьхьІэ сэри студент гупым сахэту лэжьакІуэ сыщыІат. Бжьыкъэм ди курсыр колхозым кІуэрт нартыху къыдачьжьыну. Сэ абы сымыкІуэми хьунути, ахэр колхозым зэрыщІэлэжьну мазэм ди къуажэ сыкІуэжу зызгъэпсэхуну си мурадт. Ауэ Ахьмэдхъан махуэ гуэрым кьызоупщІ:

- Уэ ди гъусэу нэкІуэн мурад умыІэу жаІэри, пэж?

- Сэ студент гупым сыщыІэжьащи, мы мазэм зызгъэпсэхун си гугъэщ, - жьзоІэ.

- Уэ, щІалэ, зыгуэркъэ птхыну ухэтщ. АтІэ, зы мазэ сылэжьащи, зы мазэ зызгъэпсэхужьын хуейщ, жьпІэу упсэукІэ тхакІуэ ухъунукъым. ТхакІуэр цІыху хэтыным иригъэш хьунукъым, цІыхум нэхъыбэрэ уахэтыху, дэрэжэгъуэ нэхъыби бгъуэту щытын хуейщ. Ар япэрауэ. КІыщІынэмыщІауэ, мыри зыкъыщыпхьатІэжкІ - аудиторэм ущІэсу уэздаІуэ лекцэхэм нэхърэ куэдкІэ нэхъыбэ кьыщыпщІэнущ уи ныбжьэгъуэхэм ращыгъуу губгъуэм ущит зэманым.

Зызгъэпсэхуну зэрыжьІа къудейм сыхущІегъуэжауэ, адрейхэм сащІыгъуу сыкІуэгъащ абы щыгъуэ колхозым. ИкІи сыхущІегъуэжакъым. Нэхъыжьым и ущиер зихуэдэ щымыІэ дерс схуэхъугъащ абы щыгъуэ. ГъащІэ гъуэгуанэм ар гъуазэ зыщыхуэхъуари си закъуэкъым.

Иджы нобэрей щІалэгъуалэм сащыхэплъэкІэ, тхакІуэ Іэзэр, егъэджакІуэ ІущІыр сигу къокІыжри, зыхьзощІэ иджырей ныбжьыщІэхэр Ахьмэдхъан хуэдэ ущиякІуэ икъуКІэ дзэжа нэужь, бжьыкІэхэм къужьэдэсхэм ядэІэпыкъуну колхозхэм, совхозхэм щагъакІуэкІэ, ухуакІуэ гупым хэту лэжьахэр абы мыкІуэми хьунут. Мыр фІыуэ сощІэж: етІуанэ курсым и ужьхьІэ сэри студент гупым сахэту лэжьакІуэ сыщыІат. Бжьыкъэм ди курсыр колхозым кІуэрт

УЭРЭЗЕЙ Афлик,
усакІуэ.

Къалэм жан

Нало Ахьмэдхъан и къалэмыпэм кьыщІэкІа дзтхэнэ тхыгъэри зэрыкупщІафІэм. зэрыщІэщыгъуэм, гупсысэ куукІэ зэрыгъэнщІам щэч кьытезыхьэн щыІэкъым. Си щхьэкІэ сэ ахэр кьызолъытэ адыгэ проозм и лъагапІэхэм ящыщ зыуэ.

ДИ ПРОЗЭР иужьрей илъэс пщІейм гъуэгуанэщІэ техьамэ, ар псом япэ зи фІыщІэхэм хабжэ анэдэлъхубзэм и Іэфы пІэмрэ и дахапІэмрэ куу дыдэу кьыщІэзыгъэльэф тхакІуэ тельыджэ Нало Ахьмэдхъан.

ЦІыхум и гущІэлъапсэм нэплъэс, абы и гурыгъуэгурыщІэхэр кьалэм жанкІэ кьыщІэзыгъалъэ, дэтхэнэ цІыхуми цІыхугъэ лъагэрэ дуней хуэлэмэтрэ дзэлъагъуфэ тхакІуэт Ахьмэдхъан - ар куэдым ихуэзэфІэкІыркъым, кьыззхъуІэри ГъащІэм и уэрыпІэм хэшасэ кьалэм зыгъабзэ тхакІуэ набдзэгубдзапІъэрщ. Апхуэдэут дэ псоми Нало Ахьмэдхъан зэрытцІыхур. Абы куэдрэ ди литературэм и жьантІэр иІыгъащ.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид,
тхакІуэ, критик.

Къуэлэ Іэдакъэ

Нало Ахьмэдхъан и къалэмыпэм къыщІэкІа дзтхэнэ тхыгъэри зэрыкупщІафІэм. зэрыщІэщыгъуэм, гупсысэ куукІэ зэрыгъэнщІам щэч кьытезыхьэн щыІэкъым. Си щхьэкІэ сэ ахэр кьызолъытэ адыгэ проозм и лъагапІэхэм ящыщ зыуэ.

Лъэпкым и цІыху гъуэзджэ

● Пшыхьэр

Пшыхьым кърихьэлІахэр.

ЕЗЫ Налом и гъащІэм щыщ пчыгъуэ кьызэрыщигъэлъэгъуэжам фІыуэ щыгъуазэт еджакІуэхэр. Абы хэт Хьэгъундокъуэ Барэр зэры-Ахьмэдхъаныр, Рейхстагым адыгэбзэ тезытхари зэрыарам ахэр иригушхэрт.

Бзэ шэрыуэкІэ, гъэхуауэ, зытепсэлъыхь Іуэхугъуэм фІыуэ зэрыщІэущІауэ дагъэпъагъуфу жьджэру зыкъэзыгъэльэгъуэ ныбжьыщІэхэм ящыщщ Къуныжь Каринэ, Хьид Сабинэ, Къэцэ Амур, Гъэунэ Алий, Лйзам Аскэр, Къэрмокъуэ Залым, Бэджий Марат, Къубатий Аскэр, Багъ Данэ, Балъкъэр Камилэ, Бэрбэч Мухьэмэд, Хъущт Аделинэ, Поунэж Амырхан, Къунащ Астемиф, Гъэунэ Данэ, Къуэдзокъуэ Къантемиф, Къунькъ Камилэ, Хьэмыкъуэ Миланэ, Хьуран Алихэан, Къуэшрокъуэ Астемиф, Хьэту Жантемиф, нэгъэущхэри.

Анэм быным хуиІэ лъагъуныгъэр зэрыгъунапкъэнщэр, зи быным пэІащІэу къэна анэм и псэм игъэ-выр зыхуэдизыр, цІыхугъэр гъащІэр кьызэрапщІэ мардэу зэрыщытыр Налом гущІыхьэу къыщегъэльагъуэ «Псыхь нанэ» рассказым. Абы теухуа теплъэгъуэ гурыхь дагъэльэгъуащ ныбжьыщІэхэу Жанкъулей Заринэ Хьэмыкъуэ Миланэ, Мыз Залинэ, Къуэ Амур, Балъкъэр Альбинэ, ТІыхьужь Лианэ, Чэт Даянэ сымэ. Хъущт Аделинэрэ ТІыхьужь Лианэрэ Гамзатов Расул и псалъэхэр, Франкель Ян и макъамэр зыщІэлъ «Къурхэр» уэрэдыр дахэу жаІащ. Ар адыгэбзэкІэ зэридзэкІащ езы Сэлимэт.

Нало Ахьмэдхъан теухуауэ ди щІэныгъэлІхэмрэ тхакІуэхэмрэ хужаІахэмрэ хуаусакэмрэ щыщхэри утыку екІуу кьхрахащ сабийжэн. Налом и фэеплъу Сэбаншы Сэлимэт «ЛъэпкъщІ зэрыгушхуэ» зыфІища и усэщІэри пшыхьым еджакІуэхэр кьыщеджащ.

Ауан зыщІэлъ, адыгэ хабзэм хуэхей цІыхубзым теухуауэ Налом итха «Бостей уПІышкІуа» рассказми гушыІэ теплъэгъуэ кьытращыкІат сабийхэм. Абы гукъинэжу щыджэгуащ ТІыхьужьхэ Лианэрэ Данэрэ, Балъкъэр Альбинэ, Мыз Залинэ сымэ.

Зэхьхьэм и кІэхьым Сэлимэт фІыщІэ яхуищІащ зыкъыщІэзыгъэкъуаузу еджапІэм и иупщІ Темыр Ларисэ, и лэжьэгъуэхэм, сабийхэм, кьрихьэлІа псоми.

Нало Ахьмэдхъан иращІэкІа пшыхьыр кьаззрехъулІар жиІащ Джэрыджэ Арсен. ТхакІуэщхъэм хэлъа хьэл-щэн дахэхэм, зэрихьа лЫгъэхэм, и гъащІэм щыщ Іыхьэхэм тепсэлъыхьащ ар. Апхуэдэу Джэрыджэм кьыхирэщащ Ахьмэдхъан гъащІэм щилъэгъуа пэжыр и тхыгъэхэм кьызэрыщигъэльэгъуэжыфар, абыхэм фІым дыхуэгъасэу, пэжым дыхуаущІийуэ, цІыхугъэм, лЫгъэм дыкъыхуражджэу зэрыщытыр.

- Нало Ахьмэдхъан пщІэшхуэ сыт щыгъуи иІащ. Абы кьыщІэна и тхыгъэхэр купщІафІэщ икІи ахэр зэи мыкІуэдыжьи хъугъуэфІыгъуэщ. Налом ныбжьэгъу куэд иІэт икІи ахэр льэпкькІэ адыгэри балъкъэрти жиІэу зэи зэхэгъэж ищІыртэкъым. Абы льэпкъым кьызыигъэнащ льэужь мыкІуэдыж, и тхыгъэ кьыщІэнахэмкІи, зауэм щызэрихьа лІыхъужьыгъэхэмкІи, адыгагъэм зэрыхуэлэжьамкІи. Сэ кьызоІыпІэ Налом фэеплъ Налшык къалэ щыхуэгъэзыуныхьэу, - жиІащ Іэщнокъуэ Олег. - ТхакІуэшхуэм иращІэкІа пшыхьым и гугъу пщІымэ, Сэбаншы Сэлимэт ар кьехъулІауэ собж. Налом и гъащІэри и литературэ лэжьыгъэ-ри нэгъэсауэ ди пащхьэ кьрилъхьэфащ егъэджакІуэ гумызагъэм. И Іащ Іагъэм гурэ псакІэ егупсуу зэрырилажьэм и щыхьэщ Сэлимэт нобэ игъэхьэзыра пшыхьыр.

И адэм пщІэшхуэ зэрыхуащІам папщІэ псалъэ гуапэкэр кьызэхуэсахэм яжриащ Нало Даут.

Нало Ахьмэдхъан и Іэдакъэщ Іэкі-хэр зэрыт тхыльхэр, журналхэр, газетхэр, абы теухуа тхыгъэхэр, сабийхэм, егъэджакІуэхэм я лэжьыгъэхэр щызэхуэхьэса гъэлъэгъуэныгъэ хьэлэмэти кьызэрагъэпэщащ.

ТАБЫЩ Динарэ.

И гъащІэм и пэжыр щІиуфэртэкъым

Нало Ахьмэдхъан адыгэ литературэм кьыхьыхьащ зытетхыхьын иІэжрэ и тхыгъэхэм кьыщиІэт Іуэхуэкэр Іэкіуэлъакіуэу зэпкърихьу. Хэку зауэшхуэм хэта тхакІуэм и нэгу щІэкІар и тхыгъэхэм кьыщигъэсэбэпырт, блэкІамрэ нобэмрэ езыр зэрыхущытыр кьыззригъэлъагъуэ Іэмалу.

1960 - 1980 гъэхэм совет прозэм кьызэрымыкІуэу зиужьащ. Ар зи фІыщІэхэм ящыщ Нало Ахьмэдхъан и тхыгъэхэм увыпІэшхуэ щыдгъэлажьэ цІыхубэр кьызыхэщІж рассказхэмрэ повестхэмрэ. И рассказхэр гупмыхуж зыщІыр кьигъэльэгъуэж зэманыр пэжу уи нэгу кьыщІэзыгъэувэж образхэмкІэ зэрыдигъэльагъурщ.

Льэпкъым и цІыхухэм я хьэл-щэнхэм адрейхэм емыщхьу хэльхэр кьэгъэльэгъуэныр тхакІуэм зэрыхуэзфІэкІа щІыкІэм и щІыхьэтщ «Къэрэгъул зэблэкІыгъуэ» (1967), «Лъагъуэхэмрэ гъуэгухэмрэ» (1969), «Рейхстагым адыгэбзи тетщ» (1972), нэгъэущІэхэри. Налом фІэгъэщІэгъуэнт адыгэ льэпкъым и гупсысэкІэр зэрызэфІэувэр, дыгъуасэрей тхыдэмрэ нобэреймрэ хэлъ Іуэху зэІумыбзэкр.

Ахьмэдхъан гъащІэм и пэжыр щІиуфэркъым. Ар хущІокъу зытетхыхь зэманым адыгэ лъэпкъыр зыхэхуа гугъуехьхэм пкъыкІ нэужь, гъащІэм нэгъэущІынэкІэ епІэ зэрыхъуар кьигъэлъэгъуэжыну.

Налом и прозэр нэгъэущІэм хэзымыгъэгъащІэщ зы цІыхум и образым, и гъащІэм, и хьэл-щэнхэмкІэ лъэпкъ псом, цІыхубэм яйр кьызэрыгъэщІикъуэфыр. Зауэм теухуа и рассказхэмрэ повестхэмрэ кьыхэщІыкІыжьыхьэр. Зауэм теухуа и рассказхэмрэ повестхэмрэ кьыхэщІыкІыжьыхьэм гъащІэ мамырыр я нэгу щІэт зэпытщ, и хьэупсапІэхэрщ зэрыпсэур. Ахьмэдхъан и тхыгъэхэр тхыльеджэхэм гунэс щІащІыхьыр тхыдэри, гъащІэм кьыхихари, кьигупсысари зэрыщІэзэхэуухэнщ.

Налом и прозэм философие куу щІэлтщ. ГъащІэм и пэжым щІыгъуу, абы цІыхухэм я хьэупсапІэхэри кьегъэльагъуэ. Адыгэ кьуажэ цІыкІум щыщІэдзауэ Берлин нэс пхыкІ гъуэгуанэ гугъур икІури, рейхстагым адыгэбзэкІэ тхыгъэ тритхащ Іуэхуфокъуэ Барэ. НэгъэущІхэм кьащхьэщыкІыу абы лЫгъэшхуэри зэрихьакъым, атІэ сответ цІыхухэм ешхьу езыри зэуащ, ауэ кьикІуа гъуэгуанэр зэрыщІту екъулІныгъэрэ текІуэныгъэкІэ гъэнщІауэ щытащ.

Нало Ахьмэдхъан адыгэ литературэм хэлъхьэныгъэфІхэр хуищІащ, зригъэужьащ. Араш ар цІыхухэм я гум щІилъынур, и фэеплъыр щІахьумэнур.

МУСУКАЕВЭ Анжелэ,
филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор.

Адыгэбзэ, урысыбзэ кафедрэхэм и лэжьакІуэхэр. *КъБКъУ, 1969 гъэ*

Щапхъэ тхуохъу

Дэ, ингуш тхакІуэхэм, Нало Ахьмэдхъан, кьуэш нэхъыжьым хуэдэу, пщІэшхуэ хуэтщІыт. Абы и тхыгъэ купщІафІэу урысыбзэкІэ зэдзэкІауэ щыІэхэм дыдиихьэхьу дыкъоджэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Кавказ Ищхъэрэ псоми щыщІэрыІуэ тхакІуэшхуэщ Налор. Абы и тепльэр зэрыуардэм, зэрыбжьыфІэм хуэдэу, и псэри и дуней тетыкІэри дахэт. Ахьмэдхъан ди дежкІэ щапхъэщ.

ЧАХКИЕВ Сэхьид,
Ингуш Республикэм и цІыхубэ тхакІуэ.
2001 гъэ

Напэмрэ лЫгъэмрэ

Иджырей цІыхухэр дахагъэм хуэгъэушын, зэманым дэгъэбжьыфІэн, абыхэм я къарур кьызэщІэІэтэн хуэдэным ерытикэр щІэгъэкъуэн пэж иджыри хуэхъуакъым. Литературэм и гъуэгуанэр кьызэрыщытэж тхылъ закъуэтІакъуэхэр къэбгъанэмэ, ди литературэр куэдрэ щхьэдэхьэрыхьы рецензэ цІыкІуфэкІуэмрэ «цІыхуу» тхыгъэ мащІэхэмрэ; рецензэхэри «уэ кьызэрыпщІыхьу - сэ кьызэрысщыхьум» щыфІэкІыр зэзэмызэщ. ТхьэкІумэ жан ящІэ ухуейщ, критикэм и макъ иджыри зэрымыубыдар, дзапэ уэрэдым хэкІуадэр зэхэпхьын щхьэкІэ.

КъАПЩТЭМЭ, зыкъом щІауэ матхэ Нало Ахьмэдхъан, тхылъеджэхэми Іуэрыуэтэжу зэпхьажаІкІ абы и тхыгъэхэр я гу зэрырихьыр. АтІэ, критикэр егупсысыпхьэкъэ абы и щхьэусыгъуэхэр кьэхутэным? Налор макъ Іэта егъэлеякІэ псалъэркъым, уеблэмэ языныкъуэхэм нобэрей гъащІэм шындэбзиймкІэ хуэкъуэпль хуэдэщ, ауэ егъэлеяуэ нэ жанрэ гупсысэ тэмэмрэ кьегъэльагъуэ. Ди литературэр мызэмытІэу зытхьэлэ «зыпэщІыж-зегъэщхь» псэлъэкІэр Налом и бийщ, и нэІэ нэхъыбэу зытригъэтыр езыр фІыуэ зыщыгъуазэ цІыхухэм я дуней тетыкІэрщ. ЖыпІэ хъунущ нобэрей проозм цІыху псэудэу, хьэл щыз, характер нэтхыса кьыхьыхьэмэ, ар Налом кьэзгъэкІэ и фІыщІэу: Іуэхугъуэ гуэркэр, дунейм кьыщІыхьу щыхьу Іэужьхэр кьетхэкІыныкъым ар дэзыхьэхэр, атІэ кьигъэльагъуэ цІыхум и цІыхугъэр, и напэр, и лЫгъэр зэдзнэсыр кьэхутэнырщ. Напэ-напэншагъэ - а епльыкІитІырщ Налор цІыхум зэрыбгъэдыхьэр. Нэщхьеягъуэ мащІэм хэшипсыхь лиризмэрщ Ахьмэдхъан и тхыгъэхэр нэхъыбэу гурыхь зыщІыр. Абы кьеІуэ «псэлъэкІэ гъэпщкІуэкІэ» уэздж хъун нэщэнэхэр: Налом и тхэкІэр, дэ кьызэрытфІэщІыжмкІэ, зыгуэрым ебгъэщхьын хъумэ, Чехо-вырщ япэу гур зыхуэжэр, ауэ къару, псэ я тхыгъэхэм нэхъыбэу хэзылъхьэр, дауи, пэжыфэ мащІэр пэж дыдэ кьыпщигъэхъуну хущІэкъу литературщинэм Налор зэрыпэжыжьэщ.

ЦІыхугъэмрэ лЫгъэмрэ я зэхэгъэкІыпІэр, дауи, псэзэпылъхьэпІэм дежщ. Ахьмэдхъан апхуэдэми куэдрэ тотхыхь, ауэ Іуэху цІыкІуфэкІуэми кьагъэлъагъуэ цІыхум и напэмрэ я лЫгъэмрэ здынэсыр.

СОКЪУР Мусэрбий,
критик.
1972 гъэ

Телъщ ар ноби ди напщІэ

Нало Ахьмэдхъан сэри адрей Хьэтуей щІалэхэми щапхъэ кьызытетх щІалэжьу щытащ, нобэми ар ди напщІэм телъщ. Орден лъапІэ дыдэхэр кьихьарэ фащэ дахэр екІуу щыгъуу Хэку зауэшхуэм ар кьызэрикІыжажу щытар иджыри си гъэм щІэтщ.

А ЗЭМАНЫМ куэдым тхьэлъэІу ящІыжырт, кьашэнашэхэри куэдти, ди кьуажжьхуэм дэнэкІи пшынэ макъыр кьыщІыурт. А хьэгъуэлІыгъуэхэм кьрихьэлІэрт зауэм жьджэру хэтахэу Бетрожь Мишкэ, Биту Нурхьэлий, Мамхэгъ Билъостэн, Къанщыкъуей Уэхьид, Быныгъуэт Сулътан, Гуэбэщыкі ПІытІэ (Умар), Хьэщэлі Іэмин, Нот Хьусен, Іэщнокъуэ Назир, Нало Ахьмэдхъан сымэ. Абыхэм я дуней тетыкІэр, я кьэфІэкІэр, я гушыІэкІэр псоми яфІэдахэт. Дэрэ абыхэм зедгъэщхьу, «Ахьмэдхъану сыкъоофэ, прокурору сыкъоофэ» жьпІэу утыкум дитт.

Ауэрэ зэманыр макІуэ, балигъ дыкъохьу. Ахьмэдхъан пщІэншэу зы сихьэти игъэкІуэдыркъым, пединститутыр кьэух, университетым егъэджакІуэу кьагъанэ, кандидат диссертацэри пжгъэкІ. Псом хьэрэ нэхъыщхьэращи, зи Іэдакъэщэкіхэр щІэджыкІакІуэхэм гунэс ящыхьу цІыхубэ тхакІуэ мэхъу.

Си щхьэкІэ сэ ар сэбэпышхуэ кьыхсухэъуащ, си цІыху хэтыкІэм, си Іуэху зехьэкІэм, уеблэмэ си зекІуэкІэм иІэ дагъуэзэр зэригъэзэхуэжу, сиущийуэ, и чэнджэщ щхьэпэхэр кьызихьэлІэу ныбжьэгъуфІ-нэхъыжьыфІу си япэ итащ.

Тхэным сыдихьэхьу тхылъ цІыкІу зытІыщ дунейм кьызэрытезгъэхьари си фІыщІэр Ахьмэдхъану кьызолъытэ.

Нобэ Ахьмэдхъан кьытхэмытыжми, ар ди гум ильщ, ЛЫ щэджащэм и фэеплъыр щІэлэми ящыгъупщэ хьунукъым. Абы щхьэкІэ Налор щыпсэуа унэм фэеплъ пхьэбГу кІэрыпльэн хуейуэ, кьыщалъэуа кьуажэм, илъэс куэдкІэ щылэжьа кьалэм я уэрамэм Налом и цІэр фІэщыпхьэу кьызолъытэ.

КЪУЭДЗОКЪУЭ Анатолэ,
КъБР-м спортым и ветеранхэм я советым и унафэщІ.

«Тхэныр Іэщіагъэкъым икІи щІэныгъэкъым, тхэныр - цІыхур къызыхуигъэщІащ»
ПАУСТОВСКИЙ Константин.

Мылъку къегъэщІыным пымыщІа социально-экономикэ, интеллектуальнэ программэмкІэ фондым хабзэ дахэу иригъэжьауэ Кавказ Ищхъэрэм и тхакІуэ ныбжьыщІэхэм я зэІущІэ илъэс ебгъуанэ хъуауэ ирегъэкІыжкІ.

МЫ ГЪЭМ а зэІущІэм хэтыну зыкъзэгъэлъэгъуа цІыху 66-м ящыщу рецензентхэр, критик цІэрыІуэхэр, тхакІуэ, усакІуэ пэрытхэмрэ литературэ журнал нэхъыфІхэм я лэжьакІуэхэмрэ я дэІепыкъуэгъуу цІыху 24-р къыхахри, бадзэуэгъуэм и 24 - 27-хэм Адыгэйм щызэхуащэсат. Махуищым къриубыдэу ныбжьыщІэхэм мастер-классхэр драгъэкІуэкІыну, форумым ягъэхьа я тхыгъэхэр зэпкърахыу нэхъыфІыр кьыхагъэщхьэхукІыну я пщэрылът ди къэралми нэгъуэщІ щыІПІэхэми фІыуэ къыщацІыху драматург, тхакІуэ, Горький Максим и цІэр зэрихьэу Москва дэт Литературэ институтым творчествэмкІэ и кафедрэм и доцент **Нагимов Фарит**, усакІуэ, «Мой Малый Карачай» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Бостанов Хъусей**, гъэ кІуам ди къэралым усакІуэ нэхъыфІу кьыщалъыта **Ватутинэ Марие**, усакІуэ, драматург **Исаевэ Еленэ** сымэ. ЗэІущІэм къраГъэблагъат тхакІуэ, Адыгэ Республикэм и Къэрал сауГъэтым и лауреат **Пренкэ Анатолий**, Адыгейм и къэрал университетым и филологие факультетым литературэмрэ журналистикэмкІэ и кафедрэм и доцент **Анкудинов Кирилл**, а щІынальэм и профессионально литераторхэм я зэгучъэныгъэм и унафэщІ **Мэжаджэ Мадин** сымэ, нэгъуэщІхэри.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу зэІуущІэм хэтащ тхакІуэ, усакІуэ ныбжьыщІэхэу **Демидов Алексей**, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и корреспондент **Мазуренкэ Маринэ**, Головко Арсений и цІэр зэрихьэу Прохладнэ кьалэ дэт курыт еджапІэ №4-м и 11-нэ классым щеджэ **Мусатовэ Татьянэ**, «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **Щомахуэ Залинэ** сымэ.

Фондым и унафэщІ **Филатов Александр** форумыр кьыщызэІуихым Іэхъум кьежьапІэ хуэхъуам кІэщІу кьытеувыІащ.

- Зэман зэблахъугъуэм литературэр Іэщыбэ зэращІыр щытпъагъум, тхакІуэ ныбжьыщІэхэм я зэІущІэхэр зэхэдублащ. Абыхэм Кавказ Ищхъэрэм щыщу мащІэ дыдэ фІэкІа ныззремыкІуэлІэм куэд дэмыкІыу гъэлІыттэри, хэгъуэгум щыпсэуэхэм папщІэ зэІущІэ щхьэхуэхэр кьыззгъэпэщыну тедухауэ щытащ. Кавказ Ищхъэрэм и тхакІуэ ныбжьыщІэхэм я ятІэ зэхыхьэ 2008 гъэм Налшык щызэхэтщат.

Кьэлэмым зезыпщыта цІыху 200-м щигъу абы лъандэрэ кьызэщІэдубыдащ. ЗэІущІэхэм кьыщыхэжаныкІахэм гъэзгу зэреттыным, даззрыдэІепыкъуным яужь дит зэпытщ, тхакІуэ ныбжьыщІэхэм я дунейпсо зэхыхьэхэм догъакІуэ, къэралым кьыщыдэкІ литературэ журнал нэхъыфІхэм я тхыгъэхэр тыдодзэ, стихпедикІэ зызыщІэдгъакъуэхэри яхэтщ.

Филатовыр зыгъэгузавэхэм ящыщщ тхэным гупыж хуэзыщІхэр кІуэ пэтми нэхъ мащІэ зэрыхъум. Къэпсальэм зэрыжиІамкІэ, форумым кьекІуалІэхэм я ныбжьыр ику иту илъэс щэщІым ноблагъэ. Литературэр нэсым и къуэпсыр кьыщежьэ критикэр ди къэралым зэрыщыщІэм, лъэпкъыбзэхэмкІэ тхэ закъуэтІакъуэм зэдзэкІакІуэ зэрамыІэм зэрильхъэм, нэгъуэщІ куэдми кьытеувыІащ фондым и унафэщІыр.

ЗэІущІэ, псалъэмакъ щхьэпэхэмкІэ гъэнщІа мазхуэр псынщІэу блэкІырт. Щоджэнцыкъу Алий, КІыщокъуэ Алим, Мечиев Кязим, Гамзатов Расул, Кулиев Кайсин сымэ къаГъэна литературэмкІэ и кьудамэм щІэныгъэрылажьэ, филологие щІэныгъэхэм я доктор **ХьэкІуащэ Мадин** иригъэкІуэкІа «стІол хъурейр» теухуат художественнэ тхыгъэр зэдзэкІыным хэлъ щхьэхуэныгъэхэм. Абы и къэпсэльэныгъэм кьыззрыихущащІэ, бзиІгІыбэ ящІэу лъэпкъ литературэр утыку изыхьэфыну зэдзэкІакІуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Кавказ Ищхъэрэм зэрыщытыкъудэмэщІэкІ. Іуэхум и хэкІыпІэу ХьэкІуащэм кьыхихьлъхьащ хэгъэгу еджапІэ нэхъыщхьэхэм я деж зэдзэкІакІуэхэм я кьудамэ кьыщызэІуухыныр.

Усыгъэмрэ прозэмкІэ зэпэщхьэхуэу махуитІым кьуриубыдэу ирагъэкІуэкІа дерсхэм ныбжьыщІэхэр зэрыхуэпІащІэм хуэдизкІи щышынэрт. Зы льэныкъуэкІэ, тхакІуэцІэрыІуэхэмрэ формым кьадыхэт ныбжьыщІэхэмрэ я Іуэху епльыкІэр къащІэну пІащІэрт, апхуэдэуи я зэфІэкІрэ Іэзэгъэрэ яхуримыкІуу кьыжраІэным тегузэвыхырт.

Сыт хуэдэ-тІэ Кавказ Ищхъэрэм и тхакІуэ ныбжьыщІэхэр? Сыт ахэр зытетхыхьыр, зыгъэгузавэр, ягу хэзыгъахьуэр? ЯІэ абыхэм цІыхугум зэрыщъэІэсын, акъылыр фІым зэрыхуаунэтІын зэфІэкІ хьэмрэ тхакІуэ цІэр зыфІэзэщыщжу жылагъуэм закъыхэзэгъэпІиикІыну зыфІэфІхэм ящыщ?

- Кавказ лъэпкъхэм я литературэм макъыщІэ куэд «щызэщІожьыну». Форумым къагъэхьа тхыгъэхэм адзэкъэм я таурыхъхэм, Іуэрыіуатэм и джэрпэджэж кьыщоІу, апхуэдэуи хамэ къэрал литературэм и макъи кьыхощ. Пэжщ, иджырей щІэдзкІакІуэр тхыльым епшэлІэну гугъу хуэщІ. Ауэ щыхъуКІи, тхакІуэ нэпцІхэмрэ фэрыщІхэмрэ Іуэхум хокъэбзыкІри, ІэнатІэм хуэпэжэрщ къанэр. Кавказ Ищхъэрэм и тхакІуэ ныбжьыщІэхэр дуней епльыкІэ щІэщыгъуэ зиІэщ, лъэпкъ хабзэмрэ иджырей дунеймрэ зэзыгъэкІуфщ, лъэпкъ гупсысэр зи тхыгъэхэм екІуу хэзыуХуанэщ, - жиІащ Нагимов Фарит.

Форумым и кІэух зэхьихьэм мастер-классхэм кьарикІуахэр кьыззащІакъуэжри, нэхъыфІу кьалъытахэр саугъэтКІэ яГъэпэжащ. Апхуэдэу, Урысейм, хамэ щыналъэхэмрэ СНГ-м хьихьэ къэралыгъуэхэмрэ щыщ тхакІуэ ныбжьыщІэхэр хэту бжьыхьэм зэхашэну XVI дунейпсо форумым Кавказ Ищхъэрэм щыщу **Байрамуков Аэрэталий, Джанибеков Ренат** (КъШР), **Щомахуэ Залинэ** (КъБР) сымэ яГъэкІуэну хуагъэфащащ.

Илъэс кьэс кьыдагъэкІ «Новые писатели» сборникым Мазуренкэ Маринэ (Къэбэрдей-Балъкъэр), Федотов Всеволод, Андреевэ Олеся, Редькин Николай, Марковэ Еленэ (Адыгей), Изудинов Гамзат, Тумалаев Багдат (Дагъыстэн), Колоев Іэдэм (Ингуш), Асламурзаевэ Дзерассэ (Осетие Ищхъэрэ-Алание), Шатаев Асльэн, Салаханов Іэдэм, Шамаев Увейс (Шэшэн) сымэ я ІэдакъэщІакІэр зэгъэхьэнущ.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

● Ди зэпыщІэныгъэхэр

Филатов Александр, Нагимов Фарит, Басовская Евгение, Исаевэ Еленэ сымэ щІалэгъуалэм я Іуэху еплъыкІэм зыщагъэгъуазэ.

Кавказ Ищхъэрэм и тхакІуэ ныбжьыщІэхэр зыгъэпІейтейр сыт?

ТхакІуэ ныбжьыщІэхэмрэ хьэщІэхэмрэ.

УвыпІихкІэ докІуэтей

● Футбол

«Енисей» (Красноярск) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:1 (0:0). Красноярск. «Центральный» стадион. Шыщхьэуіум и 6-м. ЦІыху 4100-рэ еплъащ.

Судьхэр: Васильев (Ижевск), Дуденков (Петрозаводск), Кистанов (Энгельс).

«**Енисей**»: Вавилин, Кичин, Чернов, Колев, Чичерин, Исаев (Алиев, 59), Лапин, Иванов (Семакин, 46), Кухарчук (Гелоян, 62), Комков (Помакин, 71), Коротаев.

«**Спартак-Налшык**»: Антипов, Соблир, Мурачёв, Дашаев, Семёнов (Тебэрды, 46), Дроздов (Марченкэ, 2), Мухъэммэд (Кузнецов, 60), Каркаев (Войнов, 74), Ахриев, Бажэ, Гугуев.

Топыр дигъэкІащ Гугуевым, 55 (0:1).

Дагъуэ къыхуащІащ Ланиным, Антиповым, Соблырым.

ПЭЩІЭДЗЭ джэгуГъуитхум ящыщу пІым зэрыщыІэтлъагъэкІуам и зэранкІэ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэр турнир таблицэм и кІэух увыпІэхэм ящыщ зым кьыщыхутат. Абы кьыгъэувырт, мамырщІэкъуэ кьалэнхэр лъэныкъуэ егъэзауэ, текІуэныгъэм щІэбзыным зэрыкуейр. Щэбэт кІуам Красноярск щрагъэкІуэкІа зэІущІэм ар щІэдзапІэ хуэхъуфынут. Сыбыр жыжьэм щыджэгу пэтми, ди щІалэхэм очкоищ зыІэрагъэхьэфыну гугъэ щыІэт, езыгъэблэгъэну щыпІэ «Енисей»-р и стадионым хуабжьу хуэмыхуу зэрыщыджэгу къэпльытэмэ, ЖыпІэну урикъунщ иужьрей джэгуГъуибгъум красноярскдсэхэр я деж зэрыщытемыкІуэфар. Нэхъ хьэлэмэтыжращи, джэгуГъуибл хъуауэ зэкІэлъхьэужьу я стадионым топ щахудэгъэкІыркъым. А посми, дауи, «Спартак-Налшык» и футболистхэри тренерхэри щыГъуаззт. ИкІи ахэр я фейдэ хэлъу кьаГъэсэбэпыну хущІэкъуащ.

Япэ дивизионым щыщІэзыдза зэхьэзэхуэм хэт адрей командэ псоми дыдейр йофІакІ дэтхэнэ зэІущІэми тепщэныгъэр зэрыщІыгъыкІи. Топыр зэІэпыхьныжьмкІи псыщІагъкІи ди щІалэхэр нэхъ жыджэрхэм ящыщщ. Красноярск щкІуэкІари адрейхэм я къащхьэщыкІакъым - ятІэ дакъикъэхэм щегъэжьауэ «Спартак-Налшыкым» тепщэныгъэр иубыдащ.

Хэгъэрейэр нэхъ зыхущІэкъур зэрызахъумэжьныращ. Арщхьэкіэ абыхэм ар кьаззрехъуІащэ щыІэтэкъым. Ди гъуащхьауэхэм я Іэзагъыр зэрыІпъахъшэрат ахэр кьезыгъэлыр. Абы щыгъуэми епщыкІутхуанэ дакъикъэм Бажэ Амир зэуа топым «Енисей»-м и гуащхьэтет Вавилиным ерагъкІэ кьриГъэгъэзэгъэ аращ.

Загъэпсэхуу кьихьэжа иужькІэ джэгум и екІуэкІыкІэм зихъуэжауэ кьыпщыхъунут. Алуэздзу лъэщу хэгъэрейхэм ебгъэкІуэкІа щІадзати, ди щІалэхэм зэрызахъумэжьныным хэкъуущхуэ трагъэкІуадэу хуежьащ. Арщхьэкіэ апхуэдэу куэдрэ екІуэкІакъым: 55-нэ дакъикъэм Каркаев Алим сэмэгумкІэ Іэзэу кьыщыхита топыр Гугуев Магомед щхьэкІэ дахэу красноярскдсэхэм яхудигъэкІащ. Абы иужькІэ хэГъэрейхэр сабырыжащ.

Япэ ища пэтми, «Спартак-Налшыкым» и ебгъэрыкІуэныгъэхэр игъэкІэщхьэкъым. Абы щыгъуэми и ГъуэрІ сакъыпсу ихъунэрт. Кьыщыпщыхьу щыІэт и стадионым щыджэгу арауэ.

Я дежь кьыщыхагъащІэурэ есэжа «Енисей»-м кьыхимыгъэзыхьыщэурэ налшыкдэсхэм зэІущІэр я текІуэныгъэкІэ ирагъэухащ. Абы и фІыгъэкІэ «Спартак-Налшыкыр» епщыкІуянэ увыпІэм икІри занщІэу епщыкІутІанэм нэс турнир таблицэм щыдэкІуэтеящ. АдэкІэ нэхъ тынш хъун хуейщ. Пэжщ, кьыкІэлъыкІуэу Налшык къеблэгъэну Мэзкуу и «Динамо»-р хуабжьу зыхуэсакъыпхъэщ. Ижьу абы бжьыгъэшхуэ дыдэкІэ текІуащ мазитІэ ныкъуэрэ епэкІэ премьер-лигэм кІуэну хущІэкъуа Астрахань и «Волгарь»-р икІи зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиІыгщ. Арщхьэкіэ иджыри къэс зэфІэкІа кьыхамыгъэщІа ди щІалэхэри игъэкІуэтыгъуаефІэхэм ящыщхьэм, псом хуэмыдэу я стадионым щыджэгумэ.

Премьер-лигэм кьыхагъэкІагъащІэ командищым ящыщу «Динамо»-р хъарзынэу ятІэ дивизионым хэзэгъауэ бжьыпэр иІыгъми, адрей тІум я Іуэхуэхэр щІагъуэкъым. Кьакъутэмэ, иужьрей джэгуГъуитІращ Саранск и «Мордовия»-м текІуэныгъэхэр кьыщихьар. Краснодар и «Кубань»-м ар иджыри кьехъуІакъым, тренер цІэрыІуэ Петреску Дан Румыниием кьраша, мыпъкущхуэ дыда хухаха пэтми.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщІынщ ятІэ дивизионым иужьу щызэхэта зэІущІэм кьарикІуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: «**Факел**» (Воронеж) - «**Тамбов**» (Тамбов) - **3:0**, «**Мордовия**» (Саранск) - «**Химки**» (Химки) - **5:0**, «**Нефтехимик**» (Нижнекамск) - «**Сибирь**» (Новосибирск) - **0:1**, «**Кубань**» (Краснодар) - «**СКА-Хабаровск**» (Хабаровск) - **0:2**, «**Тюмень**» (Тюмень) - «**Луч-Энергия**» (Владивосток) – **0:0**, «**Балтика**» (Калининград) - «**Зенит-2**» (Санкт-Петербург) – **0:0**, «**Шинник**» (Ярославль) - «**Спартак-2**» (Мзэкуу) – **4:0**, «**Динамо**» (Мзэкуу) - «**Волгарь**» (Астрахань) - **5:0**, «**Сокол**» (Саратов) - «**Тосно**» (Тосно) – **1:2**.

КьыкІэлъыкІуэ джэгуГъуэр Урысей Федерацэм футболымкІэ и ятІэ дивизионым шыкъуэзэІуэм и 13-м щызэхэтынущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и ятІэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«**Динамо**»	6	4	2	0	14-3	14
2.	«**Тосно**»	6	4	2	0	9-4	14
3.	«**Факел**»	6	4	1	1	10-5	13
4.	«**Зенит-2**»	6	3	3	0	8-3	12
5.	«Спартак-2»	6	3	2	1	7-7	11
6.	«Тамбов»	6	2	3	1	6-6	9
7.	«Балтика»	6	2	2	2	3-3	8
8.	«Нефтехимик»	6	2	2	2	3-4	8
9.	«Мордовия»	6	2	1	3	8-5	7
10.	«Шинник»	6	2	1	3	8-6	7
11.	«Волгарь»	6	2	1	3	5-9	7
12.	«**Спартак-Налшык**»	6	1	4	1	3-3	7
13.	«Сибирь»	6	1	3	2	4-5	6
14.	«СКА-Хабаровск»	6	1	3	2	5-7	6
15.	«Сокол»	6	1	2	3	7-9	5
16.	«Луч-Энергия»	6	1	2	3	3-7	5
17.	«**Тюмень**»	6	1	2	3	2-6	5
18.	«**Енисей**»	6	1	2	3	1-5	5
19.	«**Кубань**»	6	0	4	2	2-5	4
20.	«**Химки**»	6	0	4	2	3-9	4

● Гу зылъытапхъэ

ЦІыхухэм щаІущІэр

Коррупцэм пэщІэтныжьмкІэ лэжьыпхъэхэм цІыхухэр щыхагъэгъуазэ телефон зэІущІэхэр Шэрэдж щІынальэм и прокуратурэм и лэжьакІуэхэм ещанэ кварталым зэрырагъэкІуэкІыну графикыр:

ЩІынальэм и прокурорым и кьудэзэ Дэхъу Т. Е. - шыщхьэуІум и 9-м сыхьэт 15-м кьыщыщІэдзауэ 18 пщІондэ. Телефоныр: 4-12-94.

ЩІынальэм и прокурорым и дэІепыкъуэгу Тогузаевэ Ф. М. - шыщхьэуІум и 17-м сыхьэт 15-м щегъэжьауэ 18 хъуху. Телефоныр: 4-20-65.

ЩІынальэм и прокурорым и дэІепыкъуэгу нэхъыжь Баттаев А. И. - фокІадэм и 1-м сыхьэт 15-м кьыщыщІэдзауэ 18 пщІондэ. Телефоныр: 4-20-64.

ЩІынальэм и прокурорым и дэІепыкъуэгу Иттиев А. А. - фокІадэм и 15-м сыхьэт 15-м щегъэжьауэ 18 хъуху. Телефоныр: 4-20-60.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ1апІэ щолажь.

Гъубж къэс

Урысей Федерацэм и МВД-м Налшык къалэмкІэ и управленэм и унафэщІэхэр цІыхухэм щахуэзэ егъэблагъэ ІапІэ щолажь.

АР кьыщызэрагъэпэщар хабзэхъумэ Іэнатіэхэмрэ жылагъуэмрэ я зэпыщІэныгъэр ирагъэфІэкІыну мурадкІэщ.

Жылагъуэ совет хэтхэм гъубж къэс сыхьэти 10-м щыщІэдзауэ сыхьэт 14-м нэсыху цІыхухэр щрагъэблагъэ Урысей МВД-м Налшык къалэмкІэ и управленэм и хэщІапІэм. Налшык къалэ, Нэгумэм и уэрам, 47. нэхъапэкІэ зебгъэтх хъунущ мы телефонымкІэ: 49-43-97.

Урысей МВД-м Налшык къалэмкІэ и управленэ.

Форумым кьрихьэлІахэр.

Спорт щІэблэщІэм и Іуэхур дэкІын папщІэ

● Гъэзгу къежьапІэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым СпортымкІэ и министерствэм Бахъсэн районым и администрацэм зэІущІэ щригъэкІуэкІащ. Абы хэтащ республикэм и спорт комитетхэм я унафэщІхэмрэ, спорт школхэм я директорхэмрэ гъэсакІуэхэмрэ.

ЗэІущІэр кьыззэІуихащ икІи кьыззхуэсахэм лэжьыгъэ купщІафІэ кьрахьэлІэну ехъуэхъуащ районым и Іэтащхьэм и кьуэдзэ Іэхъуэбэч Анзор.

«Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхахэм спорт резервхэр яхуэгъэхьэзырынымкІэ мардэхэр егъэбыдыІэным теухуауэ» Урысей Спортымкіэ и министерствэм кьищта унафэр Іэмал имыІэу гъэзэщІэн зэрыхуейм зэІущІэм кьрихьэлІахэм яхутепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым спортымкІэ и министрым и кьуэдзэ Хэжь Заур. Абы кьыхигъэщащ иджырей дэфтэрым къэралым и спорт командэ кьыхэхахэм хагъэхьэнухэр зыгъэхьэзыр физкультурэ-спорт Іуэхущ1апІэхэм я лэжьыгъэр иубзыхун хуейуэ зэрыщытыр.

Абы папщІэ къаГъэув мардэхэм нэхъ зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ министерствэм и ІэщІагъэлІ-эксперт нэхъыщхьэ Мигуновэ Наталье.

«Мардэхэм кьыщыгъэлъэгъуащ лэжьыгъэр зэрекІуэкІыпхъэ щыкІэр, нэхъ тегъэщІапІэ хуэныкъуэ унэтІыныгъэхэр 1 методикэкІэ кьызэгъэпэща зэрыхьун хуейр, Іуэхущ1апІэхэр кьызэрапщытэжыну Іэмалхэр», - жиІащ Мигуновэм.

Муниципальнэ унафэщІхэм я лЫкІуэхэмрэ спорт Іуэхущ1апІэхэмрэ кьыхахъэщащ Іэмал имыІэу лэжьыгъэр зэрекІуэкІыпхъэ планыр гъэхъэзырын зэрыхуейр.

КЪЭХЪУН Бэч.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкІэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и ятІэ къуэдзэ - жэуап зыхъ секретарь), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщІ Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхъ секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкъмкІэ - 42-60-53; къыбарыщІэзэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъум.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр зэхьэрыщІэкІ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетрграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къэдзкІыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкІ Соня,** *редактору* **ТекІужь Заретэ,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(2, 3-нэ нап.),* **ПхытІыкІ Аэзмэт** *(1, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэІепыкъуэгъу* **Іванэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.538 ● Заказ №1170